Маршо Радио

КЕРЛАНАШ

# Венехь даздира Ичкери йозуш йоцуш хилар дIакхайкхийна де

Гезгмашин-бутт 07, 2026




Венехь хIоттийна хилла Ичкерин агIончийн акци, 2026-чу шеран гезгамашин-беттан 6-гIа де

Гезгамашин-беттан 6-чохь Ичкерин агIончаша акци дIайаьхьира Венехь мехкан суверенитет кхайкхийна 35 шо кхачарна лерина. Ткъа Нохчийчохь цу дийнахь билгалдаьккхира бахархойн барт хиларан, цхьааллин Де.

Тхан редакцига бакъоларйархочо Дунаева Розас дийцарехь, Венехь хIоттийначу барамехь дакъалецира йукъараллин а, политикан а организацеша а, къаьмнийн йукъараллаша а, жигархоша а, ишта, нохчийн къомаца цхьаалла гайтинчу украинхойн диаспорин векалша а.

Шварценбергплац майданахь дIайаржийра Ичкерин 55 метар йолу байракх, цул тIаьхьа Вена гIалин урамашкахула машенаш хаьхкира. Дунаевас дийцарехь, акцин декъашхоша йуха а карладаьккхира нохчийн къам маршоне а, йозуш цахиларе а гIерташ хилар.

"Тхуна и де-рузмана тӀера де хилла ца Ӏа. Иза иэсан, доьналлин, тхан тӀаьхьарчу тӀаьхьенна а гергахь тӀехь жоьпалла хиларан де ду. Йозуш цахилар- совгӀат дац, иза маршонехь къийсам бу. Маршо совгӀат санна лойла дац, иза йоккхуш йу шен доьналлица, барт хиларца, шен принципашна тешаме хиларца". Цо бахарехь, Нохчийчоь маьрша хила лааран идей тахана, 35 шо даьллачул тӀаьхьа а, йехаш йу, маршоне, машаре, хьакъйолчу кханене сатуьйсучу нахана.

Оцу йукъанна гезгамашин-беттан 6-чохь Нохчийчохь билгалдоккху бахархойн барт хиларан, цхьааллин Де. Мехкан урхалхочо Кадыров Рамзана кӀирандийнахь дӀаьъедира, "барт ша-шаха хуьлуш бац", регионан бахархой цхьанакхетаран йуьхь йара машаре, кхерамзалле, эвсарчу кханене гӀертар аьлла. Шен къамелехь маршо хьаха а ца йира Кадыровс.

- 1996-чу шеран марсхьокху-баттахь Ичкерин тӀемалой Соьлжа-ГӀала чубахара, "ДжихӀад" цӀе йолу операци а йолош, гӀала федералан эскаршкара йуха схьайоккхуш. Хьалхара тӀом боьрзуш, тӀаьххьара латар дара и. Масех де даьлча Оьрсийчоьнан дакъош гоне дерзийра. Марсхьокху-бутт чекхбаллалц лаьттира тӀемаш, тӀаккха декхаре хилира Хасав-Йуьртахь бертан дийцаршна куьйгаш йаздан. Оцу бертаца цхьана Нохчийчоь йозуш йоцу пачхьалкх йу аьлла, дӀакхайкхийра, ткъа Москвана а, Соьлжа-ГӀалина а йукъара мел доллу хеттарш листа дезара дуьненайукъарчу бакъоне хьаьжжина. Тхан сайто вовшахтуьйхира оцу денойн теш хиллачийн дагалецамаш, церан иэсехь бисина ма-хиллара.
- Оьрсийчоьно Украинина дуьхьал буьззина тӀом болийчхьана, нохчийн диаспорин декъашхой дакъалаца буьйлабелира Оьрсийчоьнан агрессина дуьхьал дӀахьочу протестан акцешкахь. Цхьаболчарна иза хилира Ичкерин маршонехьа кхин дӀа а къийсам латтор, кхечарна – адамаш хьийзош хиларх лаьцна дӀахаийтар. Тхан редакцино дийцаредира жигархошца а, республикерчу нахаца а, оцу шерашкахь диаспора хийцайаларх лаьцна.

Керланаш

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю